

**WEWATEKANE PARA PARAGA SAJRONING NOVEL NALIKA PRAU GONJING  
ANGGITANE ARDINI PANGASTUTI**

**ROSIH NGESTI WAHYUNI**  
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

**Abstrak**

Novel anggitan Ardini Pangastuti kang diterbitake ing taun 1993 isine ngenani katresnan lan kasetyan sajroning bale somah. Ingkang onja yaiku ngenani wewatekane para paraga sajroning novel. Watek kang onja yaiku watek keras kang diduweni dening paraga utamane. Saliyane iku paraga utama uga nduweni watek kang setya marang sisihane.

Adhedhasar saka lelandhesane panliten iku, mula bisa ditetepake underaning panliten, yaiku: (1) kepriye isining novel “Nalika Prau Gonjing”? (2) kepriye wewatekane paraga utama sajroning novel “Nalika Prau Gonjing”? (3) kepriye wewatekane paraga panyengkuyung sajroning novel “Nalika Prau Gonjing”?

Ancase sajroning panliten iki yaiku (1) njlentrehake isining novel “Nalika Prau Gonjing”; (2) njlentrehake wewatekane paraga utama sajroning novel “Nalika Prau Gonjing”; (3) njlentrehake wewatekane paraga panyengkuyung sajroning novel “Nalika Prau Gonjing”. Paedahing panliten iki, yaiku: (1) rujukan panliti liya; (2) piwulangsastra; (3) pamaos. Teori struktural kang digawe yaiku teori kang diandharake dening Teeuw (1988:111), lan paraga miturut panemune Abrams (sajroning Nurgiantoro, 2007:165).

Metode kang digunakake ing panliten iki yaiku *deskriptif kualitatif*. Sumber data ing panliten iki yaiku novel “Nalika Prau Gonjing” anggitan Ardini Pangastuti kang terbit taun 1993. Data ing panliten iki yaiku tetembungan lan ukara novel “Nalika Prau Gonjing” kang gegayutan kaliyan paraga. Data kang dikumpulake kanthi cara studi pustaka. Tata cara nganalisis data nggunakake metode analisis deskriptif lan analisis struktural, kang nggunakake teori struktural kang dipunjerake ing perangan paraga lan wewatekane.

Asiling panliten iki nuduhake watek paraga ing novel “Nalika Prau Gonjing” kang narik kawigaten lan nuwuhake rasa penasaran. Paraga utama kang ana ing novel yaiku Gino lan Lintang. Kaloro paraga iki ora bisa dipisahake sajroning crita. Watake Gino yaiku tresna, setya lan ora gampang nyerah. Lan watek paraga Lintang kang teguh marang pendiriane lan mandiri, bisa dadi tuladha kanggo wanita ing jaman saiki. Saliyane watek keras, paraga wanita uga nduweni watek sabar lan sugih pangapura kang uga bisa dadi patuladhan marang wong liya. Paraga panyengkuyung ing novel ana akeh, antarane ana Bu Padma, Sinung, Mbok Yem, Langit, Tutik, Gimin, Dokter Abimayu, Sekar, Meiske, lan Mbok Supi. Paraga panyengkuyung nduweni watek kang seje lan nyengkuyung crita sajroning novel Nalika Prau Gonjing. Bu Padma nduweni watek kang sabar lan gaten marang anak.

**PURWAKA**

Sastra yaiku salah sawijine wujud lan asil saka seni kreatif kang objeke manungsa lan panguripane kanthi basa kanggo mediane. Kasusastran ora amung dadi media kanggo ngumpulake ide, teori utawa pamikiran manungsa, nanging uga minangka karya kang kreatif. Sastra ora bakal karipta yen ora ana

kreatifitas saka manungsa. Manungsa bisa ngripta karya sastra adhedhasar saka pengalaman uripelan dayane imajinasi. Pangalamaning urip saben pawongan beda karo pawongan liyane, mula kasusastran kang kawedhar uga beda-beda.

Ana pirang-pirang konsep ngenani pangerten *karya sastra*. *Karya sastra* yaiku karya seni imajinatif, kang unsur estetis luwih

akeh, nggunakake piranti basa (Wellek lan Warren, 1990:23-25).Mangkono uga kasusastran Jawa, beda-beda antarane pangripta siji lan sijine.Sastra Jawa modern yaiku salah sawijining kasusastran Jawa kang durung akeh dimangerteni dening bebrayan. Akeh sing nganggep yen sastra Jawa modern iku wis ora ana maneh utawa wis tamat ing jamane Raden Ranggawarsita, nanging kasunyatan ora kaya mangkono. Saiki sastra Jawa isih ana lan isih disinau uga isih dijaga supaya ora musna. Sawise Raden Ranggawarsita seda, ana pangripta sastra Jawa yaiku Ki Padmasusastra (Hutomo, 1975:8).

Sastra Jawa modern ngrembaka maneh rikala jaman Balai Pustaka lan Panjebar Semangat. Asil kasusastran Jawa sing diterbitake kapisan yaiku serat Riyanto dening Balai Pustaka ing taun 1920 anggitané R.M Sulardi. Saliyane *Serat Riyanto* uga ana kasusastran Jawa asli kang diterbitake dening Balai Pustaka yaiku kanthi irah-irahan *Ngulandra* anggitané Margana Jayaatmaja (Hutomo, 1975:12).

Kasusastran Jawa modern kang awujud novel wis ana ing jaman penjajah Walanda, bareng ngrembakane kasusastran Jawa. Novel asale saka basa Italia *novelle*. Kanthi harfiah novella tegese sawijining samubarang anyar kang cilik, lan adate diarani cerkak kang arupa prosa (Abrams sajrone Nurgiantoro, 2005:9).Novel minangka bagiyane saka prosa utawa fiksi, yaiku jinis sastra kang nyuguhake pirang-pirang prakaraning panguripan lan biasane disusun miturut urutan wektu (Aminuddin, 1987:66).

Miturut Nurgiantoro,(1998:16) novel kaperang dadi rong jinis, yaiku novel serius lan novel populer. Novel serius migunakake kasunyatan urip minangka modhel. Modhel iku kriptografi sajroning donya anyar lumantar wujud carita lan paraga-paragane sajroning kahanan tartamtu. Burhan Nurgiantoro uga ngandharake yen novel serius nuntut aktifitas pamaos sacara serius. Pamaos kudu *ngrekonstruksi* masalah kang analan gegayutane antarane paraga. Saliyane iku, novel populer yaiku novel kang dikenalake ing masane lan akeh penggemare, mligine ing kalangan remaja. Novel populer nggambarake masalah kang narik kawigaten ing jamane iku, masiya namung ing tingkat awal (Nurgiantoro, 1998:18).Salah sijine kang populer ing kasusastran Jawa yaiku novel kanthi irah-irahan Nalika Prau Gonjing anggitané Ardini Pangastuti.

Sajroning panaliten iki bakal ngonceki sawijining novel Jawa kanthi irah-

irahan *Nalika Prau Gonjing* anggitané Ardini Pangastuti kang diterbitake taun 1993 dening Sinar Wijaya Surabaya.Novel *Nalika Prau Gonjing* iki minangka novel kang caritane narik kawigaten kanggo diteliti yaiku wewatekane para paragane.Novel iki bakal diteliti kanthi titingan struktural.Titingan strukturalkanggo ngonceki luwih jero ngenani paraga.Anggone nлити iku mau amarga anane unsur-unsur kang bakal karembug sajroning novel, yaiku ngenani tema,paraga lan wewatakane, alur, lan setting.

Ing panaliten iki bakal nлити Novel kanthi irah-irahan Nalika Prau Gonjing amarga basa kang digawe sajroning novel gampang dimangerteni lan alur critane sajroning novel iku narik kawigaten kanggo diwaca. Panliten iki milih novel kanthi anggitané Ardini Pangastuti amarga Ardini mujudake salah sijine pangripta sastra Jawa modern ing jaman kamardikan kang wis terkenal. Ardini minangka salah sijine pangripta kang ngripta novel kanthi gampang dimangerteni dening pamaos. Ardini mujudake pangripta novel kang luwes anggone nulis novel, basane gampang dimangerteni lan alure runtut saengga ora bingung nalika maca novel anggitané Ardini. Isih akeh novel anggitané Ardini, nanging namung novel *Nalika Prau Gonjing* kang narika kawigaten nalika diwaca.

Kang narik kawigaten sajroning novel yaiku ngenani wewatake paraga-paragane kang onja kanggo mbangun alur carita.Pramila ing panliten iki bakal ngonceki wewatakane paraga-paraga kanthi titingan struktural.Saliyane iku, panliten iki milih novel NPG amarga novel iki narik kawigaten, critane apik banget, tur bisa menehi pitutur supaya urip sing akur.

Ing panaliten iki bakal nengeneke ngenani wewatakan para paraga-paraga sajroning novel NPG. Wewatakan nduweni teges kang beda-beda, yaiku minangka paraga-paraga crita kang disuguhake lan minangka sikap, kepengenan, emosi, lan prinsip moral kang diduweni dening paraga-paraga kasebut ( Stanton ing Nurgiantoro, 2007:165). Paraga crita miturut Abrams (ing Nurgiantoro 2007:165) yaiku wong kang disuguhake sajroning karya naratif, utawa drama, kang dening pamaos dimangerteni nduweni kuwalitas moral lan kacenderungan tartamtu kaya sing diekspresikake sajroning omongan lan apa wae kang ditindhakake.

Saka andharan ing ndhuwur, bisa kadudut menawa novel Nalika Prau Gonjing bisa narik kawigaten kanggo diteliti. Novel Nalika Prau Gonjing durung nate diteliti kanthi ngrembug

wewatakane paraga. Novel NPG iki narik kawigaten kanggo diteliti amarga paraga-paragane nduweni watak kang onjo utawa luwih onja. Paraga-paraga Sajroning Novel Nalika Prau Gonjing anggitane Ardini pangastuti ing panliten iki kanthi titingan struktural. Panaliten iki nggunakake titingan struktural kang luwih objektif amarga panaliten kang luwih onja yaiku sajroning isi novel NPG. Titingan struktural kang nduweni tujuwan kanggo mbongkar lan maparake karya sastra kanthi wutuh.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Strukturalisme

Karya sastra, fiksi utawa guritan, miturut kaum strukturalisme yaiku totalitas sing dibangun sacara koherensif dening maneka unsur pambangune (Nurgiantoro, 2007:36). Strukturalisme yaiku sawijining *totalitas* sing diwangun kanthi *koherensif* dening wernawernane unsur pambangune. Ing pihak liya, struktur karya sastra bisa ditegesake dadi susunan, negesake, lan gambaran sakabehe piranti lan perangan sing kanthi bebarengan mujudake *kebulatan* kang endah, Abrams (ing Nurgiantoro, 2007:36).

Miturut Pieget (sajroning Saussure, 2001:24) struktur bisa dimangerteni minangka tatanan saka wujud-wujud kang arupa kabutuhan, transformasi, lan pengaturane dhewe. Bisa dimangerteni kautuhan iku amarga saben komponen struktur iku tunduk marang kaidah intrinsik lan ora nduweni panggonan bebas sajabane struktur

Strukturalisme uga bisa dimangerteni minangka salah sawijining pendekatan kusastraan kang ngliti ing kajian gegayutane antarane unsur pambangun karya kang diteliti. Mula, strukturalisme beda kaliyan pendekatan sing liyane, kayata pendekatan mimetik, ekspresif, lan pragmatik (Abrams ing Nurgiantoro, 2007:37).

Teeuw (1988:135-136) ngandharake analisis struktural nduweni tujuwan kanggo ngonceki lan ngandharake karya sastra kanthi teliti cermat lan luwih mahami ngenani gegayutane kaliyan aspek karya sastra sing ngasilake makna sacara keseluruhan. Analisis struktural mesti diarahne marang ciri-cirine sing khas sajroning karya sastra kang arep dianalisis.

Konsep ngenani struktur diandharake dening Teeuw (1988:111) yaiku minangka sakabehing sistem awujud saka unsur-unsur kang nduweni gegayutan, nduweni sipat intine karya sastra iku dhewe(otonom) lan ora merlokake prakara ing sajabane. Kaya ing

panliten iki titingan struktural kanggo ngonceki paraga lan wewatakane sajroning cerbung Nalika Prau Gonjing anggitane Ardini Pangastuti supaya luwih mangerteni ngenani karya sastra, sarujuk karo andharane Teeuw (1988:108) yen analisis struktural nengenake unsur kang paling onjo, yaiku ngenani wewatakane paraga.

Mula saka iku, analisis struktural karya sastra bisa dilakoni kanthi cara ngidentifikasi, nintingi, lan ngandharake fungsi sarta gayutane unsur intrinsik. Sabanjure iki arep dijlentrehake unsur pambangune sastra yaiku ngenani paraga lan wewatakane supaya trep lan bisa dimangerteni.

### Unsur-unsur Karya fiksi Novel

Novel iku salah sawijining karya fiksi kang nduweni unsur pamangun. Unsur-unsur pamangun kang dimaksud yaiku unsur *intrinsik* lan unsur *ekstrinsik* (Abrams ing Nurgiantoro, 2007:10-11). Miturut Stanton lan Chapman (ing Nurgiantoro, 2007:23) unsur pamangun fiksi kanthi cara tradisional dikelompokake dadi rong perangan yaiku unsur intrinsik lan ekstrinsik. Unsur intrinsik yaiku unsur-unsur pambangune karya sastra. Unsur-unsur iki kang nyebabake karya sastra dadi karya sastra kang sejati. Unsur *intrinsik* novel yaiku unsur kang langsung nyusun crita (Nurgiantoro, 2007:23).

Unsur-unsur *intrinsik* kang dimaksud mau yaiku kedadeyan, crita, alur, paraga lan wewatakane, tema, latar, sudut pandang, lelewani basa. Unsur *pembangun* kang kaping pindhho yaiku unsur ekstrinsik. Unsur ekstrinsik yaiku unsur-unsur kang ana ing sanjabane karya sastra, nanging sacara langsung ndayani bangunan. Unsur ekstrinsik nduweni daya gedhe marang totalitas bangunan crita kang diasilake (Nurgiantoro, 2007:23).

Perangan-perangan kang mbangun karya fiksi kompleks banget. Iku mau ora namung saka punjering unsur normal wae sing arupa basa. Unsur-unsur kasebut miturut Nurgiantoro (2007:23) bisa digolongake sajroning rong perangan yaiku unsur intrinsik lan ekstrinsik. Kaloro unsur iku mau sing kirane akeh lan mesti diteliti dening para panliti sajroning nganalisis karya fiksi kang arupa cerkak, novel lan liya-liyane.

Unsur ekstrinsik yaiku unsur-unsur kang menahi pengaruh marang crita kang diasilake. Unsur-unsur ekstrinsik yaiku ngenani kahanane individu pangripta sing nduweni sikap, kapercayan lan pamawas urip sing bakal menahi pengaruh marang karya sing bakal diasilake. Unsur ekstrinsik liyane yaiku

ngenanani psikologi, kang bisa arupa psikologi pangripta, psikologi pamaos utawa psikologi karya sastra iku dhewe. Kahanan lingkungan pangripta kayata ekonomi, politik, sosial kang uga bakal menahi pengaruh marang karya sastra kang minangka unsur ekstrinsike. Unsur-unsur liyane kayata pamawas urip bangsa minangka karya seni liyane lan liyane (Wellek lan Warren, 1995:79-135).

#### **Tema**

Tema mujudake perangan saka unsur intrinsik kang ana ing sajrone crita, mula tema dadi dhasar kanggo ngrembakane crita. Tema kudu asipat njiwai sakabehing crita utawa surasane crita. Tema bisa digolongake ing sawetara kategori. Nggolongake tema iki dilakoni adhedhasar telung sudut pandang yaiku golongan dikhotomis kang asipat tradisional, panggolongan iku bisa disawang saka lataran pangalaman jiwa lan penggolongan saka tataran kautamane (Shipley sajrone Nurgiantoro, 2007:77).

#### **Paraga lan Wewatekane**

Wewatakan kang bisa dimangerteni kanthi karakter utawa wewatakan, mengacu ing panempatane paraga-paraga tartamtu kanthi watak tartamtu. Saengga wewatakan bisa dimangerteni minangka gegambaran sing jelas ngenani pawongan kang disuguhake sajrone carita (Nurgiantoro, 2007:176). Abrams (sajroning Nurgiantoro, 2007:165) uga njlentrehake paraga crita mujudake wong sing diripta dening pangripta lan diwenehi watak tartamtu sing ana ing sajrone karya naratif, utawa novel sing dening pamaos ditafsirake nduweni kuwalitas moral lan bab tartamtu sing onja kaya sing diekspresikake ana ing sajrone pacelathon utawa apa sing dilakoni ana ing sajrone tumindak.

Gegayutan kaliyan ukara iku, miturut Aminuddin (1987:80) kanggo mangerteni lanmahami marang watak paraga, sajroning novel bisa dimangerteni saka:

- 1) Tuturan langsung saka pangripta ngenani karakteristik paragane,
- 2) gegambaran sing diwenehake pangripta saka deskripsi bab kahanan paraga ana satengahing bebrayan, utawa carane gawe busana,
- 3) gambaran tumindake paraga,
- 4) saka kepriye kahanane paraga kuwi ngomongake ngenane dheweke-dhewe,
- 5) saka kepriye pamikirane paraga,
- 6) saka paraga liya sing ngomongake paraga utama,
- 7) kepriye carane paraga liya nalika caturan karo paraga utama

- 8) saka paraga-paraga liya sing menahi reaksi marang paraga utama,
- 9) saka kepriye paraga utama kuwi menahi reaksi marang paraga liyane.

Paraga-paraga sajroning cerita fiksi bisa dibedakake adhedhasar saka sudut pandang lan tinjauane miturut Nurgiantoro (2007:176), paraga bisa diklompokake kaya mangkene :

- 1) Paraga utama lan paraga tambahan

Paraga utama yaiku paraga kang utama dicritakake sajroning novel sing gegayutan. Paraga utama minangka paraga sing paling akeh dicritakake, bisa dadi paraga ing kedadeyan utawa sing oleh kedadeyan. Ing novel-novel tartamtu, paraga utama kerep ana sajroning kedadeyan lan bisa ditemui saben kaca buku novel. Nanging uga ana ing novel liya kang paraga utamane ora kerep metu ing crita. Amarga paraga utama kerep metu ing crita. Kajaba iku, tuwuhe paraga-paraga tambahan ing sakabehing crita luwih sethithik anggone nyritakake. Iki amarga paraga tambahan iku mung asipat pelengkap.

- 2) Paraga protagonis lan paraga antagonis

Paraga protagonis yaiku paraga sing disenengi, sing salah siji jinisi dianggep populer lan apik saengga akeh sing nyenengi. Paraga antagonis mujudake paraga sing jahat, saengga akeh pamaos sing ora simpati marang paraga iki.

- 3) Paraga prasaja lan paraga bulat

Paraga prasaja yaiku paraga sing nduweni siji kualitas pribadi tartamtu, siji watak tartamtu wae. Paraga bulat yaiku paraga sing nduweni maneka kemungkinan ing panguripane, pribadine lan jati dirine.

- 4) Paraga statis lan paraga dinamis

Paraga statis yaiku paraga sing sacara esensial ora ana owah-owahan wewatakane minangka akibat prastawa sing dumadi. Ibarate paraga statis iku kaya watu karang sing ora bisa diobahake sanajan saben dina kena banyu ombak. Lan paraga dinamis yaiku paraga sing ngalami owah-owahan lan watake ngrembaka padha karo ngrembakane prastawa lan plot sing dicritakake.

- 5) Paraga tipikal lan paraga netral

Paraga tipikal yaiku paraga sing mung sethithik ditampilake kahanane indhividu lan luwih akeh ngojahake kualitas pagaweyan. Paraga netral yaiku paraga sing kerep metu lan nduweni eksistensi supaya crita iku kasil.

#### **Teknik Panyandrane Paraga**

Nurgiantoro (2007:194-211) uga nduweni pendapat yen teknik nganalisis paraga ana rong teknik, yaiku:

##### a. Teknik Ekspositori

Teknik iki kerep dimangerteni minangka teknik analitis, sajroning teknik iki paraga crita ana lan dianakake dening pangripta marang pamaos sacara langsung lan ora mbulet, lan langsung diwenehi deskripsi anane paraga iku sing mungkin arupa sikap, watak, lan salah tingkah utawa ciri fisike.

##### b. Teknik Dramatik

Teknik dramatika yaiku cara pangripta ndeskripsikake salah tingkah sacara eksplisit. Paraga disuguhake sacara dramatik bisa dilakoni kanthi sepuluh teknik. Sajroning karya fiksi, biasane pangripta nggunakake teknik iku sacara gantian, masiyo ana bedane sajroning teknik-teknik iku. Teknik-teknik kasebut yaiku:

##### 1) Teknik cakapan

Omongan sing dilakoni paraga crita biasane dimaksudake kanggo nggambarake sipat-sipat paraga sing gegayutan.

##### 2) Teknik salah tingkah

Teknik tingkah laku nyaranake ing tumindak kang asipat nonverbal, fisik, apa sing dilakoni paraga sajroning tumindak lan salah tingkahe.

##### 3) Teknik pikiran lan prasaan

Kepriye kahanan lan pikirane paraga, sarta apa kang ana ing pikirane paraga nggambarake sipat-sipate. Nanging teknik pikiran lan perasaan bisa sajroning teknik cakapan lan salah tingkah.

##### 4) Teknik arus kesadaran

Teknik arus kesadaran ana gegayutane kaliyan teknik pikiran lan perasaan lan meh saemper. Arus kesadaran minangka teknik narasi sing ngusahakake nangkap panemu lan aliran proses mental paraga, ing ngendi tanggapan indra campur kaliyan kesadaran lan ora sadare pikiran, perasaan, pangarep, lan asosiasi-asosiasi acak.

##### 5) Teknik reaksi paraga

Teknik reaksi paraga sing dimaksud yaiku reaksi paraga marang kedadeyan tartamtu, masalah, kahanan, tembung, lan sikap wong

liya lan kepriye sing arupa rangsangan saka njaba paraga sing gegayutan.

##### 6) Teknik reaksi paraga liya

Teknik reaksi paraga liya yaiku reaksi sing diwenehake dening paraga liya marang paraga utama utawa paraga sing disinauni arupa pamawas, pendapat, sikap, komentar lan liya-liyane.

##### 7) Teknik panggambaran latar/panggonan

Susunane latar ing sekitare paraga uga kerep digawe kanggo nggambarake anane paraga iku. Panggambaran latar bisa luwih intensif ing sipat paraga sing diandharake ing teknik liyane.

##### 8) Teknik panggambaran fisik

Kahanan fisik paraga nggambarake kepriye kahanan kejiwaane utawa saora-orane pangripta sengaja nggoleki lan nggayitake anane sing gegayutan mau.

#### **Alur utawa Plot**

Antarane crita lan alur iku nduweni sesambungan kang angel dipisahake. Amarga objek crita lan alur iku bisa diarani mbutuhake kedadeyan padha yaiku ngenani tuntutan alur kang asipat luwih kompleks tinimbang crita. Sajroning wawasan struktural marang karya fiksi kerep dibahas ngenani alur sanajan kerep nggunakake basa liya.

Alur utawa plot yaiku karya fiksi kang arupa struktur kedadeyan-kedadeyan, yaiku kepriye kang katon sajrone pangurutan lan penyajian maneka kedadeyan iku kanggo nggayuh efek emosional lan efek artistik tartamtu (Abrams sajrone Nurgiantoro, 2007:113).

Stanton (ing Nurgiantoro, 2007:113) ngandharake yen alur yaiku carita kang isine urutan kedadeyan, nanging saben kedadeyan namung sinambung kanthi sebab akibat, kedadeyan kang siji nyebakake utawa disebabake anane kedadeyan kang liya. Kenny (ing Nurgiantoro, 2007:113) manawa alur yaiku kedadeyan-kedadeyan sing ditampilake adhedhasar kaitan sebab akibat.

#### **Setting utawa Latar**

Pangerten setting luwih tumuju marang panggonan karo wektu, lan lingkungan sosial panggonan dumadine prastawa kang dicritakake (Abrams sajrone Nurgiantoro, 2007:216). Saemper karo panemu kasebut, Wellek lan Warren (1990:220-221) ngandharake yen setting nduweni piguna kanggo ngekspresikake wewatekan lan pepenginan, nduweni gegayutan kang raket karo alam lan manungsa.

#### **Lelandhesaning Teori**

Saka macem-macem teori kang diandharake ing ndhuwur, panliti nggunakake titingan struktural kaya kang diandharake dening Teeuw (1988:111) yaiku minangka sakabehing sistem awujud saka unsur-unsur kang nduweni gegayutan, nduweni sipat intine karya sastra iku dhewe (otonom) lan ora merlokake prakara ing sanjabane. Analisis nengenake unsur kang paling onja, ing panliten iki dipunjerake ing perangan wewatekane.

Analisis struktural dilakoni kanthi ngidentifikasi, mengkaji, lan ndeskripsikake fungsi lan gegayutane antarane unsur intrinsik sing nduweni gegayutan. Nanging sajroning niliti mau ora kudu kabeh aspek sing ana ing sastra, nanging kudu salah sijine aspek kang onja. Sajroning panliten iki ngandharake ngenani paraga lan wewatekane. Sudjiman mbedakake paraga sajroning rong jinis yaiku: (1) paraga utama, lan (2) paraga panyengkuyung.

Wewatakan nganggo panemune Abrams (sajroning Nurgiantoro, 2007:165) uga njlentrehake paraga crita mujudake wong sing diripta dening pangripta lan diwenahi watak tartamtu sing ana ing sajrone karya naratif. Novel sing ditafsirake nduweni kuwalitas moral lan bab tartamtu sing onja kaya sing diekspresikake ana ing sajrone pacelathon utawa apa sing dilakoni ana ing sajrone tumindak. Panliten iki bakal ngandharake ngenani watak-watak kang diduweni para paraga kang ana sajroning novel NPG. Ing novel iku akeh paraga kanthi watak kang beda-beda. Paraga-paraga mau kang ndadekake crita novel dadi luwih trep lan runtut critane.

## ANDHARAN ASILING PANLITEN

### Paragalan Wewatekane

Kabeh paraga mujudake unsur-unsur kang wigati sajrone carita, amarga dumasane carita iku uga saka tumindhak-tumindhak kang dilakoni dening para paragane mau. Sakabeh paraga bisa ndayani crita dadi luwih apik lan urip kaya nyata. Sajrone crita, ardini Pangastuti uga pengin ngandharake babagan kang mligi marang pamaos. Cara Ardini Pangastuti ngandharake marang pamaos, ora liya lumantar para paragane. Paraga kasebut nduweni kalodhangan dadi sawijining pamedhar pesen moral ngenani babagan kang mligi marang pamaos.

Paraga-paraga mau bisa kaperang saka paraga utama lan paraga panyengkuyung kaya ing ngisor iki:

### Paraga Utama

Paraga utama yaiku paraga kang utama dicritakake sajroning novel sing gegayutan. Paraga utama minangka paraga sing paling akeh dicritakake lan kerep metu sajroning crita. Uga ana paraga utama kang ora kerep metu sajroning crita. Wewatekan bisa dimangerteni minangka gegambarane sing jelas ngenani sipat lan karakter paraga-paraga tartamtu.

Ing novel kacarita paraga utamane yaiku Gino Girindu lan Lintang kang bebojoan kanthi urip tentrem. Gino yaiku seniman kang senengane nggambar kang urip bebojoan kaliyan Lintang, salah sawijining istri kang ayu lan ditresnani Gino. Kalorone digambarake pawongan kang pada tresna lan setya marang pasangane. Sawijining dina ana masalah sajroning balesomahe kanthi Lintang minggat. Lintang nduweni watak kang keras lan egois, iku kagambarake nalika dheweke minggat tanpa pamit marang bojone lan ora gelem bali maneh lan ketemu marang bojone kanthi anake gedhe.

Paraga utama kang ana sajroning novel Nalika Prau Gonjing yaiku Gino lan Lintang. Kaloro paraga iki ora bisa dipisahake sajroning crita, mula ing kene paraga utamane ana loro. Kang biasane paraga utama iku ana siji, nanging paraga loro iki ora bisa dipisahake amarga pada nduweni peran kang onja. Wewatekan kang diduweni dening para paraga yaiku:

#### a. Gino Gurindu

Gino yaiku gambaran paraga utama kang asring metu sajroning crita. Gino mujudake paraga priya sing penting sajroning crita amarga Gino salah sijine paraga utama lan paraga kang nyebabake anane pacoban lan masalah sajroning crita. Dheweke nduweni peran dadi bojone Lintang asale saka Yogya, minangka seniman sing terkenal. Gino pawongan kang tresna marang kluarga, dheweke tresna banget marang sisihane. Masio sawijining dina dheweke nglakoni kesalahan kang pungkasane nggonjing bale somahe kaliyan Lintang. Watekkang diduweni Gino antarane watek ora gampang nyerah, tanggung jawab nanging dheweke uga nduweni sipat bandel lan keras.

#### 1) Ora gampang nyerah

Gino mujudake paraga kang tresna banget marang sisihane. Dheweke paraga kang ora gampang nyerah anggane ngupaya nggoleki Lintang nalika Lintang lunga saka omah. Gino isih ngupaya maneka cara kanggo nggoleki lan mbujuk Lintang supaya gelem bali maneh. Watek ora gampang nyerah iku bisa kagambarake saka sabare lan tlatene Gino

anggone nggoleki Lintang. Watek ora gampang nyerah bisa kagambarake saka cuplikan-cuplikan ing ngisor iki:

Wis ora kurang-kurang anggone ngupaya Lintang. Kabeh kulawarga Lintang wiwit omahe wong tuwane kang ateges maratuwane Gino, nganti tekan sedulur-sedulure Lintang tunggal embah, tunggal buyut, canggah, kabeh ditekani. Ora ana kang ngerti ngenani wanita kinasih iku. Semono uga kanca-kancane Lintang sing ditepungi dening Gino, wangsulane sami mawon. Ora ngerti! Gino nganti judheg. Gek menyang ngendi lungane wong wadon kuwi kok saben irung kang ditakoni wangsulane ajeg ora ngerti. (ardini Pangastuti, 1993:3).

Saka cuplikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Gino iku nduweni sipat ora gampang nyerah. Dheweke isih ngupaya nggoleki Lintang sing lunga tanpa pamit. Awit saka omahe maratuwane nganthi omah sadulurane Lintang diparani kabeh. Iku mau amarga Gino tresna setengah mati marang Lintang, nanging Lintang lunga sawise nemokake celdam ing kopere. Anggone nggoleki Lintang iku amarga dheweke isih tresna, kepengen bojo kang ditresnani iku bali maneh. Masio dheweke uga getun sawise ana kedadeyan iku. Dheweke getun sadurunge gelem diajak tumindhak sedeng kaliyan Meiske nalika ing Jakarta.

## 2) Setya

Minangka paraga utama, Gino uga nduweni sipat-sipat apik liyane yaiku watek setya. Gino setya nunggu Lintang supaya gelem balik maneh ing omahe. Watek setya mau kagambarake saka upaya Gino nggoleki Lintang supaya gelem rujuk maneh. Kasetyane gino marang lintang ora pupus sanajan kanthi pirang-pirang taun ora tau ketemu. Nanging pungkasan saka kasetyane nunggu lan nggoleki Lintang kasil. Watek setya lan tresna marang sisihane bisa kagambarake kaya cuplikan-cuplikan ing ngisor iki:

ROKOK sing isih dawa iku diceceg ing asbak ngarepe. Banjur ganti ndudut maneh liyane. Terus diakep

sedhal-sedhul. Katon nikmat kae. Nanging apa ya mangkono tenan kang sanyatane? Mung Gino Gurindu dhewe kang ngerti. Sing jelas, wektu iku dheweke lagi ngangen-angen Lintang, wadon ayu kang telung taun nyisihi dheweke. Najan sok nyinyir, Gino tresna setengah mati marang wanita iku. (Ardini Pangastuti, 1993:1).

Saka cuplikan ing dhuwur bisa dimangerteni yen Gino iku tresna setengah mati marang sisihane Lintang. Dheweke ngangen-angen Lintang kanthi lali wektu. Nalikane Gino ditinggal lintang kang lagi minggat amarga pamit, Gino kanthi nglamun lan ngangen-angenake Lintang. Dheweke nrasa kangen Lintang, sanajan lintang iku sok nyinyir nanging Gino tresna setengah mati marang Lintang.

Tekan ngomah, Gino langsung mlebu kamar sing disedhiyakake dening Sinung. Awake dibanting ana kasur. Mripate kelamkelom nyawang pyan. Angen-angene munyer seser. Golek rekadaya kepriye amrih bojo lan anake iku gelem bali marang dheweke. (Ardini Pangastuti, 1993:87)

Cuplikan iku nggambarake menawa Gino iku isih mikirake anak lan bojone masio pirang-pirang taun ditinggal minggat. Kahanan iku ora ndadekake Gino lali marang anak lan bojone. Gino isih ngupaya supaya bisa kumpul maneh bareng anak lan bojone.

## 3) Patuh

..... mbok digoleki neng kana, kana... kana lan sapiturute. Gino tansah patuh ngleksanaake pakone maratuwane kuwi. Nanging Lintang tetep ora bisa ditemokake. Sing keru dhewe, maratuwane ngusulake supaya Gino lapor menyang polisi. Gino mikir-mikir yen bab sing keru iki. Angkahe mengko yen wis ganep telung sasi bojone tetep durung bali, lagi

dheweke lapor menyang  
polisi. (Ardini Pangastuti,  
1993:13).

Cuplikan ing ndhuwur nggambarake  
Gino kang patuh marang apa kang diomongake  
dening maratuwane. Gino rumangsa yen salah  
wis nyebakake Lintang lunga tanpa pamit.  
Mula kanthi patuh dheweke ngupaya supaya  
Lintang mulih. Kabeh sing dikongkon dening  
maratuwane dituruti amarga dheweke ngormati  
maratuwane iku.

#### 1) Tresna

Gino yaiku mujudake salah sawijine  
paraga priya kang nduweni watak kang tresna  
marang sisihane. Watak tresna iku nduweni  
gegayutan kaliyan tema saka novel NPG. Iku  
mau bisa kagambarake kaya cuplikan ing  
ngisor iki:

ROKOK sing isih  
dawa iku diceceg ing asbak  
ngarepe. Banjur ganti  
ndudut maneh liyane. Terus  
diakap sedhal-sedhul. Katon  
nikmat kae. Nanging apa ya  
mangkono tenan kang  
sanyatane? Mung Gino  
Gurindu dhewe kang ngerti.  
Sing jelas, wektu iku  
dheweke lagi ngangen-  
angen Lintang, wadon ayu  
kang telung taun nyisihi  
dheweke. Najan sok nyinyir,  
Gino tresna setengah mati  
marang wanita iku. (Ardini  
Pangastuti, 1993:1).

Saka cuplikan iku bisa dimangerteni  
yèn Gino iku pancen sayang lan tresna banget  
marang sisihane. Sisihane ora liya yaiku  
Lintang, wanita ayu kang wis ngrebut atine  
Gino kanthi telung taun disisihi. Gino  
nglamunake nalika isih ana Lintang ing  
omahe. Lintang kang setya nunggu Gino  
nanging lunga tanpa pamit amarga masalah  
celandam. Saka cuplikan ing ndhuwur uga bisa  
nggambarake tema katresnan Gino marang  
sisihane. Saka gegambaran iku bisa  
dimangerteni yèn Gino tresna setengah mati  
marang sisihane Lintang. Dheweke ngangen-  
angen Lintang kang wis dadi sisihane kanthi  
telung taun iku kanthi lali wektu.

..... gino ngeri  
mbayangne duwe bojo wong  
supersibuk kaya iku.  
Dheweke bakal kebageyan  
apa yèn kabeh wektune  
Lintang dientekake kanggo  
ngurus bisnise? Nanging

diakoni terus terang,  
dheweke isih tresna,  
tresnane banget marang  
Lintang Puspa sari, wanita  
kang nate nyisihi uripe ora  
kurang saka telung taun iku.  
(Ardini Pangastuti,  
1998:87).

Saka cuplikan ing ndhuwur  
nggambarake rasa pangrasane Gino marang  
Lintang kang isih tresna masio Lintang lunga  
kanthi suwi. Tresna iku diakoni Gino isih ana  
marang lintang Puspa sari, wanita kinasih  
iku. Wanita kang wis telung taun dadi bojone  
Gino. Gino kang wewatek tresna marang bojo  
lan anak kang wis suwi ora ketemu. Dheweke  
mbatin yèn Lintang dadi wanita supersibuk  
bakal ora ngurusi dheweke lan anake.

Saka cuplikan-cuplikan ing ndhuwur  
ngenani watake Gino, bisa kadudut yèn Gino  
iku paraga priya kang tresna marang anak lan  
bojo. Saliyane iku Gino uga setya nunggu lan  
ngupaya nggoleki Lintang supaya gelem mulih  
lan belik maneh karo Gino. Wewatakane Gino  
ing ndhuwur uga kang gegayutan kaliyan tema  
yaiku katresnan lan kasetyan marang sisihane.

#### b. Lintang Puspasari

Lintang iku mujudake paraga utama  
kang nduweni watek paling keras. Dheweke  
tetep ora gelem bali menyang omahe Gino  
nalika ana masalah ngenani celdam kang  
ditemokake ing njero kopere Gino. Masio  
dheweke keras. Nanging dheweke uga nduweni  
watek tresna lan setya marang Gino. Dheweke  
isih setya ora golek penggantine Gino nalika  
lunga ninggalake Gino. Sanajan atine larang  
nanging dheweke ora bisa nglalekake Gino.

#### 1) Teguh pendirian

Watek teguh pendhirianane iku watek  
kang teges lan ora gampang dirubah. Teguh  
pendhirian uga bisa diarani watek keras. Ing  
kene Lintang nduweni wewatak keras lan ora  
bisa dirubah masio wis dikandhani ibune.  
Watek keras luwih onja sajroning crita ing  
novel iki. Saking kerase, nganthi Lintang ora  
gelem bali marang Gino nganthi pirang-pirang  
taun. Dheweke tetep ing pendhirianane yaiku ora  
gelem mulih. Lintang ngrasa yèn wis  
dikhianati dening priya kang wis ditresnani.  
Watek keras kang diduweni Lintang  
kagambarake kaya cuplikan-cuplikan ing  
ngisor iki:

“Aku yèn wis muni  
ora ya tetep ora, Bu. Luwih  
becik aku mati tinimbang  
kudu bali. Yèn ibu ora kersa



dadhereki, aku ya tak lunga  
sing adoh.”

“Ora ngono  
lho,Wuk. Samubarang iku  
rak ya kudu dipetung lan  
dipikir. Aja mung mburu  
emosi.Nggugu karepe  
dhewe.”(Ardini Pangastuti,  
1993:8).

Saka cuplikan ing ndhuwur  
nggambarake wateke Lintang sing keras ora  
bisadiubah. Yen dheweke wis ngomong ora yo  
bakal ora. Sanajan kaya mangkono iku watek  
kang ora apik. Apa maneh ketamahan emosi  
ngenani masalah celdam iku, mula dheweke  
ora bisa mikir lan ora bisa petungan.

Cuplikan ing ndhuwur nggambarake  
ngenani watek wanita kang nduweni pendirian  
teguh utawa keras, yaiku Lintang. Dheweke  
tetep teguh marang pendiriane, yaiku nalika  
dikongkon ibune muleh nanging dheweke  
tetep emoh, amarga wis lara ati. Ibune menehi  
pitutur marang Lintang nanging Lintang tetep  
ora gelem mulih.

“Ora!” wangsulane Lintang  
karo nahan emosi.

“Ora?Njaluk  
dipethuk? Ah kowe purik  
aku rak ya ora akon, ta?  
Mula kowe ya kudu muleh  
dhewe.Soa barang neng  
koper ika, dakakni, aku  
pancen salah.Aku njaluk  
maaf. Ning terus terang aku  
ora bisa yen kudu kongkon  
methuk kowe..... (Ardini  
Pangastuti, 1993:34).

Saka cuplikan ing ndhuwur  
nggambarake watek teguh marang  
pendiriane.Bisa kabukti saka ukarane Lintang  
kang ngomong ora. Dheweke tetep teguh ora  
gelem mulih nadyan Gino wes ngongkon  
Lintang muleh. Watek keras Lintang kang  
kaya mangkono iku ora bisa diubah, yen ora ya  
ra.

.....  
Huh! Aja ngimpi gembagus  
dhisik. Ora bakal aku bali  
lan ngrerepa njaluk diwelasi.  
Ora bakal! Najan tanpa  
priya, aku bisa urip. Arep  
dak butekake! Batine  
Lintang kemrungsung.  
Mangkele karo sing lanang  
pancen tekan mbun-mbun.

(Ardini Pangastuti,  
1993:34).

Cuplikan ing ndhuwur uga gegayutan  
kaliyan watek Lintang.Lintang tetep teguh  
marang pendiriane. Kabukti saka ukara kang  
diucpne yen dheweke tetep ora gelem bali. Lan  
dheweke uga mbuktekake yen bisa urip tanpa  
priya alias urip mandhiri. Dheweke tetep  
kukuh lan percaya diri.

Lintang mung muni iya-iya  
lan manthuk-manthuk ing sangarepe  
ibune. Nanging meneng-meneng  
dheweke ngubungi Kardi kanggo  
ngleksanani niyate iku.Lan telung sasi  
sacandhake lemah sing diincer iku  
sida tiba ing tangane tenan.....  
(Ardini Pangastuti, 1993:73).

Cuplikan ing ndhuwur nggambarake  
wateke Lintang kang tetep teguh yaiku nalika  
dheweke pengin nambah lemah kanggo  
usahane. Meneng-meneng Lintang tetep nuku  
lemah iku lan dheweke ora ngomong marang  
ibune. Lan pungkasane lemah iku mau bisa  
dadi lemahe Lintang. Watek Lintang iku  
mratandhani watek kang keras, pengin urip  
mandhiri masio tanpa Gino.Cuplikan-cuplikan  
ing ngisor iki uga nggambarake watek Lintang  
kang keras.

“Gak.Aku ora  
percaya.Paling-paling kuwi  
mung kanggo samudana  
wae.Aku yakin. Wong sing  
arep ngrampas lemah mesthi  
wong kang iri ndulu  
usahaku,” wangsulane  
Lintang. (Ardini Pangastuti,  
1993:92).

Cuplikan ing ndhuwur nggambarake  
tema teguh marang pendhiriane, yaiku  
Lintang. Wanita kang keras lan teguh marang  
apa kang dirasakake. Dheweke tetep teguh lan  
tetep percaya yen sing arep ngrampas kuwi  
namung wong kang iri marang ushane. Usaha  
kang wis maju lan sukses iku mujudake urip  
kang wis mandhiri. Urip mandhiri saka usaha  
kang diwangun dhewe kanthi carane dhewe.

## 2) Mandhiri

Mandhiri yaiku salah sawijine watek  
kang pengin urip mandhiri kanthi usaha kang  
dilakoni kanthi premati tanpa nggantungake  
urip marang wong liya. Watek mandhiri uga  
diduweni Lintang, bisa kagambarake nalika  
Lintang miwiti usahane dhewe kanggo  
nyukupi uripe.Usaha kang diwangun Lintang  
bisa sukses, dheweke bisa urip mandhiri  
masio tanpa Gino. Usahane iku bisa nyukupi

uripe saben dina. Ing ngisor iki cuplikan-cuplikan kang ngandharake ngenani watek mandhirine Lintang nalika miwiti usaha nganthi sukses.

### 3) Gaten

Lintang paraga kang uga nduweni watek gaten marang bojolan kluwargane. Dheweke sabenero tipe wong kang setya lan gaten marang bojo, iku bisa digambarake kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Njenengan ki pancen bandel. Bola-bali dikandhani, dhahar aja telat, pancet wae. Saben ndina yen ora diuprak-uprak dhisik ya ora kersa dhahar. Hehm.....aku gemes. Wong bandel kok dipek dhewe. Mengko yen mag-e kumat ya lagi krasa.” Driji alus kuwi mampir ing pupune.

..... wanita iku banjur ngalahi njupukake sega salawuhe komplit karo buah lan ngombene, diladekake marang Gino ing njero studio. Dadi Gino wis ora perlu pindhah saka lungguhe yen kepengin mangan. (Ardini Pangastuti, 1993:1).

Saka cuplikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Lintang iku wanita kang bebuden apik lan perhaten marang bojone. Dheweke kanthi sabar lan tulus ngurusi Gino kang bandel yen dikongkon mangan. Mula Lintang ngalahi njupukake mangan salawuhe lan buahe ing njero studio, panggonane Gino biasa nglukis. Saliyane gaten kaliyan Gino, Lintang uga gaten kaliyan wong liya kayata karyawane sing kerja karo dheweke. Cuplikan kang nggambarake watek gaten Lintang marang karyawane yaiku:

“Mbok, tulung menyang mess sedhela. Tilikana, apa rantangane kanggo wong-wong wis dikirim apa durung. Soale wis rong ndina telat terus-terusan. Yen iki mengko telat maneh, mengko daktegere. Utawa kepeksane kita ya pindhah langganan wae,” aloke Lintang saka ngarep

lawang. (Ardini Pangastuti, 1993:65).

Saka cuplikan ing ndhuwur, watek gaten Lintang saliyane gaten kaliyan Gino uga gaten marang karyawane kang kerja marang dheweke. Lintang kanthi gaten niliki karyawane nalika wektune mangan. Yen ora bisa niliki sacara langsung, dheweke ngongkon mbok Yem supaya niliki rantangane karyawane wi dikirim ta durung. Kabeh mau mujudake watek gaten kang diduweni Lintang.

### 4) Tresna lan setya

Lintang mujudake wanita kang keras nanging dheweke uga nduweni watek tresna lan setya marang sisihane yaiku Gino. Lintang minangka wanita kang tresna marang bojo, nanging dheweke ngrasa dikhianati lan lara ati mangerteni bojone tumindhak sedheng. Cuplikan kang mratandhani watek tresna lan setya bisa kagambarake kaya cuplikan-cuplikan ing ngisor iki:

“Lha nanging sapa sing ora serik, wong lagi mbobot ditinggal slewengan karo wadon liya. Sapa sing bisa nampa yen wong lanang kang sasuwene iki tansah dibekteni tega tumindhak culika kanthi nyolok mata.” Luhe Lintang bali tumetes kelingan marang celdam kang ditemokake neng njero kopere bojone. Ora ana kang luwih lara saliyane dikhianati dening wong kang paling ditresnani. (Ardini Pangastuti, 1993:8)

Saka cuplikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen sakjane Lintang iku tresna banget marang Gino. Nanging dheweke lara ati nalika meruhi wong kang ditresnani iku tumindhak culika. Dheweke ora trima marang tumindhake Gino kang wis ngianati dheweke. Saliyane culikan ing ndhuwur, uga ana cuplikan ing ngisor iki kang nggambarake lara atine Lintang.

Lintang mung manthuk. Lan terus langsung nggloso ing ranjange. Awake rasane lemes banget sawise kanggo lutak-lutak. Lan krasa saya lemes bareng kelingan marang bojone. Atine isih krasa lara kaya dijuwing-juwing saben-saben kelingan celdam ing

njero kopere sing lanang. Ah, kok tega-tega guru laki kang tansah dibekteni kanthi tulusing ati iku tumindhak sedheng karo wanita liya ing kahanan lagi mbobot kaya iku, batine Lintang kelara-lara. (Ardini Pangastuti, 1993:9).

Cuplikan ing ndhuwur iku nggambarake yen katresnan Lintang marang Gino iku tulus saka atine. Nanging dheweke lara ati nalika mangerteni Gino tumindhak sedheng. Lara atine Lintang saya gedhe yen kelingan tumindhake Gino iku nalika Lintang lagi mbobot anake.

Saka cuplikan-cuplikan ing ndhuwur bisa kadudut yen Lintang iku nduwe watek tresna marang sisihane. Nanging saliyane iku, Lintang uga nduwe watek teguh pendhiriane. Dheweke sosok wanita kang ora bisa goyah pendhiriane, yen ora ya ora. Lintang uga wanita kang mandhiri. Dheweke mbangun usaha kanthi carane dhewe tanpa campur tangan Gino. Usaha kang digawe iku bisa sukses lan bisa nyukupi kabutuhane Lintang.

#### **Paraga Panyengkuyung**

Paraga panyengkuyung yaiku paraga kang asipat pelengkap. Paraga panyengkuyung ora kerep metu sajroning crita. Paraga-paraga panyengkuyung sajroning novel Nalika Prau Gonjing yaiku Bu Padma, Meiske, Mbok Supi, mbok Yem, Tutik, Lindri, Gimin, Dokter Abimayu, Langit, Sekar, Permadi. Wewatakane paraga panyengkuyung sajroning novel Nalika Prau Gonjing yaiku:

##### **a. Bu Padma**

Bu Padma yaiku paraga kang meranake dadiibune Lintang kang ateges maratuwane Gino. Dheweke kalebu paraga panyengkuyung amarga asring metu sajroning crita saka awal nganthi pungkasan. Bu padma mujudake ibu kang tresna banget marang anak-anake. Dheweke nduweni watek-watek kang bisa digambarake saka cuplikan-cuplikan kang ana ing novel. Watek-watek Bu Padma kaya ing ngisor iki:

##### **1) Nriman**

Minangka paraga panyengkuyung, Bu Padma nduweni watek kang nriman. Bu Padma nalika dheweke uga ngalami nasib kaya Lintang. Nanging Bu Padma ora minggat kaya Lintang. Dheweke ngupay nrima kedadeyan iku amarga dheweke lagi mbobot tuwa. Sanajan lara atine, nanging kabeh mau ditrimak-trimakake nganthi anake lair. Iku mau critane nalika Bu Padma isih bebojoan kaliyan

bojo sing ndhisik. Dheweke nrima nalika dikhianati bojone.

##### **2) Gatén**

Gaten yaiku salah sawijining watek kang diduweni Bu Padma. Minangka wanita mesthi nduweni watek gaten, gaten marang kluwarga. Bu Padma kang sosok ibu kang gaten marang anak-anake. Sanajan dheweke uga nduwe anak kwalon, nanging dheweke uga gaten lan ora mbeda-mbedakake antarane anak kwalon lan anak asli.

##### **3. Sabar**

Watek kang diduweni Bu Padma liyane yaiku sabar. Dheweke kanthi sabar ngrawat Lintang kang wateke keras iku.

##### **b. Sinung Lazuardi**

Sinung mujudake paraga panyengkuyung sing kerep metu nanging dheweke ora kalebu paraga utama kang uga mangun crita. Sinung yaiku kancane Gino saka Surabaya kang padha-padha pelukis.

Salah sijine watek kang di duweni dening Sinung yaiku watek royal. Royal kang dimaksud yaiku dheweke seneng nraktir kanca-kancane nalika oleh dhuwit saka asil pameran. Royal yaiku watek kang ora eman marang apa wae kang diduweni.

##### **c. Meiske**

Meiske mujudake paraga panyengkuyung kang ora kerep metu sajroning crita. Dheweke kacarita dadi wanita pelanyah kang nggodha Gino. Dheweke dadi paraga wanita pelanyah ing Jakarta. Wanita pelanyah kang biasane bisa dimangerteni saka carane kang kendhel nggodha saengga priya bisa kagoda.

Watek kaya mangkono iku mujudake watek sing ala lan aja nganthi ditiru.

##### **d. Mbok Supi**

Mbok Supi yaiku pembantune Gino kang kanthi sabar ngurus Gino nalika ditinggal Lintang. Mbok Supi iku mujudake pembantu kang patuh marang bendarane. Nalika Gino ngomong supaya mengko yen digoleki uwong, Mbok Supi ngomongake Gino ora ana. Saking judhege Gino, dheweke ora pengin ketemu karo wong. Mula dheweke ngongkon Mbok Supi ngomong ngono yen ana sing nggoleki. Mbok Supi namung manthuk, kag ateges ngiyani apa kang dikongkon bendarane.

##### **e. Mbok Yem**

Mbok Yem iku salah siji paraga panyengkuyung kang lumayan akeh metu sajroning crita. Dheweke iku nduweni peran minangka pembantune Bu Padma kang tansah setya marang Bu Padma. Watak setya iku bisa dimangerteni sajroning crita nalika Mbok Yem

isih ngetutake lan ngabdi marang Bu Padma nganthi saprene.

**f. Gimin**

Gimin yaiku salah sijine paraga kang meranake dadi pembantune Bu Padma. Dheweke kerja ing omahe Bu Padma dadi tukang kebun uga ngrangkep dadi sopir. Gimin mujudake paraga kang manut marang bendharane yaiku Bu Padma.

**g. Dokter Abimayu**

Dokter Abimayu salah sawijining paraga panyengkuyung kang namung sepisan anggane metu ing crita, yaiku nalika Lintang semapat mula dicelukne Dokter Abimayu supaya dipriksa. Dokter Abimayu nduweni watek kang seneng mbebeda wong. Watek Dokter Abimayu iku mbebeda marang wong liya utawa pilih kasih. Watek pilih kasih kagambarake saka guneme Bu Padma kang lagi ngomel-ngomel amarga saduruge pas ditelpon Mbok Yem jarene lagi turu. Nanging yen sing telpun Bu Padma dhewe asistene ngomong yen Dokter Abimayu ana. Upama Bu Padma dudu langganane utawa wong mlarat ora kira bakal ditulung.

**h. Langit**

Langit yaiku mas kwalon tunggal bapak seje ibu kaliyan Lintang. Masio mas kwalon nanging Langit uga tresna marang Lintang kang mujudake adhik kwalone. Paraga Langit nduweni watek kang ikhlas lan tulus. Dheweke seneng mbiyantu adhi-adhine sing lagi butuh bantuan.

**i. Sekar**

Sekar yaiku mbak kwalone Lintang pada bapak nanging seje ibu. Paraga sekar mujudake paraga kang wewatak nriman. Masio ora sugih kaya Langit, nanging dheweke nrima apa anane, kamangka bojone namung pegawe negri.

Saka andharan ing ndhuwur bisa kadudut yen paraga panyengkuyung iku ana akeh. Paraga panyengkuyung yaiku paraga kang metune ora kerep lannyengkuyung dumadine crita kanthi ngasilake crita kang trep lan narik kawigaten kanggo diwaca. Wewatekane paraga panyengkuyung uga maneka warna.

**j. Tutik**

Tutik yaiku anak kwalone Bu Padma kang nomer telu. Dheweke uga mbak kwalone Lintang kang pada bapak seje ibu. Tutik duweni watek kang kalem.

**PANUTUP**

**Dudutan**

Adhedhasar saka analisis kang wis dilakoni ing bab sadurunge bisa kadudut ngenani wewatekane para paraga. Para paraga iku awujud paraga utama lan paraga

panyengkuyung sajroning novel Nalika Prau Gonjing anggitané Ardini Pangastuti. Saka analisis crita bisa kadudut asile yen novel Nalika Prau Gonjing anggitané ardini Pangastuti sing diterbitake ing taun 1993 nduweni unsur wewatakan ingkang onja. Ngenani bab iki, bisa dijlentrehake yen paraga utamane yaiku Gino, Lintang, lan Bu Padma.

Paraga Gino mujudake paraga priya kang bebojoan karo Lintang. Dheweke nduweni watek kang tresna lan setya marang Lintang, uga watek ora gampang nyerah nalika ngupaya supaya bojone yaiku Lintang gelem mulih marang omahe maneh lan gelem ngapura Gino. Gino tresna banget marang Lintang. Paraga Lintang mujudake paraga wanita kang nduweni watek teguh marang pendhiriane, mandhiri, gaten lan uga setya marang Gino. Watek keras kang diduweni Lintang kang ora bisa dibujuk dening ibune.

Wewatakan para paraga iku beda antara siji lan sijine. Gino sing wewatak tresna lan setya marang Lintang masio dheweke pernah khilap tumindhak sedeng kaliyan kenya liya. Paraga Lintang kang uga nduweni sipat tresna marang Gino, nanging uga nduweni watek teguh pendhirian utawa keras kang ora bisa dileremake apa karepe. Lintang mujudake paraga wanita kang mandhiri.

Paraga panyengkuyung antarane yaiku Bu Padma, Bu Padma kang welas asih, sabar lan bijaksana menehi kaputusan kanggo anak-anake. Sinung kang wewatek seneng royal, uripe bebas amarga dheweke kagolong seniman. Lan isih akeh parag panyengkuyung liyane kang nduweni watek kang seje kaya ta Mbok Yem, Mbok Supi, Gimin, Langit, Sekar, Dokter Abimayu, Lindri lan Meiske

Tema sajroning novel NPG anggitané Ardini Pangastuti kang dadi tema mayor yaiku katresnan lan kasetyan marang sisihane. Kang kagolong tema minor yaiku ngenani gonjinge bale somahe amarga nemu pacoban. Gegambaran iku bisa dimangerteni saka masalah kang nyebbake Lintang lunga yaiku masalah celdam.

**Pamrayoga**

Panliten kanthi irah-irahan “Wewatekane Para Paraga Sajroning Novel Nalika Prau Gonjing Anggitané Ardini Pangastuti (Kajian Struktural)” iki ngenani wewatekane para paraga kang dumadi saka paraga utama lan paraga panyengkuyung. Panliten iki diajab bisa nambahi ngrembakane panliten ing donyane karya sastra mligine ing novel Jawa.

Panaliten iki isih adoh saka kasampurnan amarga mung nлити

saperangantintingan kang asipat struktural.Mula sejatine isih akeh kang bisa diteliti kayata: saka tintingan sosiologi sastra, budaya, lan liyane.Panliten mau diajab bisa luwih sampurna lan bisa nambah khasanah kasustraan Indonesia utamane kasusastran Jawa mligine ngenani Novel Jawa lan uga bisa aweh pambiyantu kanggo panliten ing sabanjure.

#### KAPUSTAKAN

Aminuddin. 1987.*Pengantar Karya Sastra*. Bandung : Sinar Baru Argesindo.

Arikunto, Suharsimi. 1993. *Prosedur Penelitian : Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rieneke Cipta.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Widyatama.

Fanani, Zainuddin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University.

Handayani, Fajar.2007. Skripsi.*Kejiwaan Pratinah dan Tokoh Utama Novel Donyane Wong Culika karya Suparta Brata (Kajan Struktural)*.Skripsi tidak diterbitkan.Surabaya:Unesa.

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*.Jakarta : Gramedia.

Krisnawati, Vina. 2007. Skripsi. *Paraga-paraga Utama Wanita Ing Novel Suparta Brata's Omnibus: Wawasan struktural lan Interstruktural*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya:Unesa.

Luxemburg. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta; Gramedia.

Moeloeng, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Nurgiantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Okviyanti, Beti. 2012.Skripsi. *Alur Sajroning Novel Detektif Pethite Nyai Blorong Anggitane Peni: Tintingan Struktural*. Skripsi tidak diterbitkan.Surabaya:Unesa.

Pangastuti, Ardini. 1993. *Nalika Prau Gonjing*. Surabaya: CV.Sinar Wijaya.

Pradopo, Rachmad Djoko. 1997. *Kritik Sastra (Prinsip-prinsip)*. Yogyakarta: Gajah Mada Universiti Press.

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Penelitian Sastra : Teori, Metode, dan Teknik*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.

Semi, Atar. 1989. *Kritik Sastra*. Bandung : Angkasa.

Teeuw, A. 1988.*Sastra dan Ilmu Sastra; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Gramedia.

Wellek, Rene dan Austin Warren. 1989. *(Terjemahan Meliani Budiarto). Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia.